# QARAQALPAQ BALALAR ÁDEBIYATINDAǴI TÁRBIYALIQ MOTIVLER

**Erejepov Haytmurat**
**Muhammad ibn Ahmad al-Beruniy**
**orta arnawlı islam bilim jurtı oqıtıwshısı**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.16930911**

**Annotaciya**. Bul maqalada qaraqalpaq balalar ádebiyatında tárbiyalıq motivlerdiń tutqan ornı hám áhmiyeti talqılanadı. Atap aytqanda, poeziya, xalıq qosıqları hám házirgi zaman balalar shayırlarınıń dóretpelerinde ata-anaǵa húrmet, miynet súyiwshilik, hadallıq, tábiyatqa muhabbat, doslıq hám iygilik ideyaları qalay sáwlelengenine dıqqat awdarıladı. Qosıq mısalları arqalı tárbiyalıq motivlerdiń balalar sana-sezimine tásir etiwdegi áhmiyeti kórsetiledi. Sonday-aq, ádebiy dereklerde ushırasatuǵın pedagogikalıq hám ruwxıy kózqaraslardıń jas áwladtı kámil insan etip tárbiyalawdaǵı ornı kórsetiledi.

**Tayanısh sózler:** Qaraqalpaq balalar ádebiyatı, tárbiyalıq motiv, miynet súyiwshilik, ata-anaǵa húrmet, tábiyatqa muhabbat, doslıq, iygilik, balalar poeziyası.

**Kirisiw**. Qaraqalpaq balalar ádebiyatı xalıqtıń mádeniy miyrası hám ruwxıy qádiriyatlarınıń áhmiyetli buwını sıpatında ayrıqsha orın iyeleydi. Sebebi ol tek ǵana estetikalıq zawıq beriw emes, al jas áwladtı ruwxıy-ádep-ikramlılıq jaqtan tárbiyalaw wazıypasın da orınlaydı. Haqıyqatında, balalar ushın jazılǵan qosıq shıǵarmaları, ertekler, dástan hám gúrrińler xalıqtıń úrp-ádetlerin, milliy qádiriyatların hám de ádep-ikramlılıq kózqarasların ózinde jámleydi. Usı kóz-qarastan qaraǵanda, qaraqalpaq balalar ádebiyatında tárbiyalıq motivler tiykarǵı orınlardan birin iyeleydi.

Tárbiyalıq motivler, eń aldı menen, balalardı jaqsılıq, miyrim-shápáát, miynet súygishlik, hadallıq, sabır-taqat sıyaqlı insanıy qásiyetlerge baǵdarlawǵa xizmet etedi. Bunda xalıq awızeki dóretpeleri de, házirgi zaman ádebiyatı úlgileri de úlken áhmiyetke iye. Mısal ushın, xalıq qosıqlarında "ata-anaǵa húrmet", "tuwısqanlıqqa sadıqlıq", "tábiyatqa mehir" sıyaqlı pikirler úzliksiz qaytalanıp turadı. Bul bolsa balalardıń sanasında jaqsı hám jamannıń shegarasın anıqlaw, ádep-ikramlılıq kózqarasların qáliplestiriwge járdem beredi.

Qaraqalpaq balalar poeziyasında tárbiyalıq motivler kóbirek xalıqlıq kórinisler arqalı beriledi. Máselen, balalar shayırı Sadıq Nurımbetovtıń qosıqlarında ata-anaǵa húrmet hám úlkenlerdi qádirlew ideyası jetekshilik etedi:

Ana
Anà—minsiz, ànà—músin,
Bárin oylà, tereń túsin,
Minnetdàrsàń onıń ushın,
Qànshà xızmet qılsàń dà àz.
Meyli jolındà júr kún-tún,
Meyli ómirińdi sàrp et pútin.
Meyli àlàqàndà kútiń,
Qànshà húrmet qılsàń dà àz. [2].

Bul qatarlarda ananıń mehir-muhabbatı jırlanadı, balaǵa ana mehrin qádirlew, oǵan sadıq bolıw ideyası sińdiriledi.

Qaraqalpaq balalar ádebiyatında miynet súygishlik motivi keń ushırasadı. Balalarǵa arnalǵan qosıqlarda diyqan miyneti, shopan turmısı, ustalardıń óneri súwretlenip, olardıń jámiyettegi ornı ulıǵlanadı. Mısalı, xalıq qosıqlarında "miynet etken toyadı" degen mazmunlı

ideya jiyi-jiyi ushırasadı. Bul arqalı jas áwladta hadallıq, mashaqattan qorıqpaw, óz miyneti menen jasawǵa umtılıw ruwxı tárbiyalanadı. Berdaqtıń XALÍQ USHÍN qosıǵı buǵan ayqın mısal bola aladı.

Jigit bolsań, arıslanday tuwılǵan,
Xızmet etkil udayına xalıq ushın.
Jigit bolsań, arıslanday tuwılǵan,
Heshqashan da, jumıs etpes ózi ushın.
Jeterseń muratqa xızmetler etseń,
Elatıń siltese, ǵayrı elge ketseń,
Dushpannıń hárqashan basına jetseń,
Ayanbaǵıl xızmetińdi xalıq ushın. [1].

Balalar ádebiyatında jaqsılıq hám miyrim-shápáát ideyası da ayrıqsha orın tutadı. Mısalı, xalıq erteklerinde járdemshi qaharmanlar bárqulla jaqsılıqtı tańlaydı, al jawızlıq bolsa jazalanadı. Bul arqalı balalarda jaqsılıqtıń bárqulla ústem keletuǵını haqqındaǵı isenim qáliplesedi. Shayır Bayniyaz Qayıpnazarovtıń qosıqlarında bolsa doslıq hám óz-ara miyrim-shápáát ideyaları alǵa súriledi. Ol qosıqlarında balalardıń bir-birine járdem beriwi, sabaqta, oyınlarda birge islesiwi jaqsılıq belgisi sıpatında túsindiriledı.

Den sawlıqta dáwlet penen baxıtta,
Doslar menen birge keldi qosıla,
Bas awırıp, baltır sızlar waqıtta,
Qádir biler doslar keldi qasıma.

**Juwmaq**. Qısqası, qaraqalpaq balalar ádebiyatında tárbiyalıq motivler keń qamrawlı bolıp, olar jas áwladtı ádep-ikramlılıq-ruwxıy kemalmashılıqqa jeteklewge xızmet etedi. Ata-anaǵa húrmet, miynetsúygishlik, hadallıq, doslıq hám jaqsılıq sıyaqlı ideyalar poeziyada óziniń jarqın sáwlesin tapqan. Bul motivler balalardıń ruwxıy dúnyasın bayıtıp ǵana qoymastan, olardı milliy qádiriyatlarǵa sadıq, insanıy qásiyetlerdi qádirleytuǵın shaxs sıpatında qáliplestiredi. Demek, qaraqalpaq balalar ádebiyatındaǵı tárbiyalıq motivler tek ǵana estetikalıq zawıq beriw emes, al kámil insan tárbiyasınıń da áhmiyetli quralı bolıp tabıladı.

## References:
## Используемая литература:
## Foydalanilgan adabiyotlar:

1. K. Pàlımbetov, P. Allàshov. ÁdebIyàt. 6-klàss ushın (sàbàqlıq-xrestomàtiyà). «BILIM» bàspàsı. Nókis—2017
2. NURJANOV PERDEBAY ERJANOVICH, UMATOVA JUMAGÚL, BEGJANOVA DILYARA JOLMURZAEVNA. ÁDEBIYAT. 5-klass ushın sabaqlıq-xrestomatiya. Úshinshi basılımı. «Bilim» baspası.Nókis — 2020
3. Qaraqalpaq balalar ádebiyatınıń antologiyası. Nòkis Qaraqalpaqstan. 2018j. 288bet.